



Pou Piblikasyon Imedya: 06/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KOLABORASYON AK KONPAYI LOJISYÈL IZRAYÈL LA (ISRAELI SOFTWARE COMPANY) POU FOUNI YON SISTÈM SIVEYANS KI SE PREMYE NAN JAN SISTÈM SA A POU SANTRAL ELEKTRIK ROBERT MOSES NIAGARA POWER PLANT LAN

Anons lan vini aprè Vwayaj Inite ak Devlopman Ekonomik Gouvènè a te fè an Izrayèl la pou Eksplòre Nouvo Fason pou yo Ranfòse Lyen Ekonomik yo ak Idantifye Nouvo Opòtinite pou Kwasans Alavni

Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Konpayi Izrayèl la mPrest kolabore pou yo Devlope Inovasyon Teknoloji Avanse pou Amelyore Fyabilite Elektrisite ak Efikasite Depans Santral Elektrik la yo

Sa a Sipòte Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a pou 50 gen Pousan Enèji Renouvlab ak 40 Pousan Rediksyon Degajman Gaz a Efè Sèr yo avan 2030

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon nouvo patenarya avek konpayi lojisyèl Izrayèl la mPrest pou yo lanse premye jan de zouti ki ka fè prediksyon konsa ki siveye fonksyonman transfòmè enèji nan santral elektrik Robert Moses Niagara Power Plant Eta New York la. Kolaborasyon an vini aprè vwayaj inite ak devlopman ekonomik Gouvènè te fè an Izrayèl la kote li te òganize yon dejene travay avèk Majistra Jerusalem lan Nir Barkat ak lidè biznis Izrayelyen yo. Nouvo teknoloji inovatif, Otorite Enèji New York la devlope an kolabòasyon ak mPrest la, pral idantifye ak prevni pwoblèm ki ka koute chè nan transfòmè elektrik santral lan avan yo rive.

“Kolaborasyon New York fè avèk mPrest Izrayèl la sou teknoloji depwent sa a se egzanp ki pi resan ki montre kijan lyen ekonomik solid antre nou an ap benefisye tout Nouyòkè yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Lè nou jwenn inifikasite nan santral elektrik Niagara Power Plant New York la, ki se youn nan pi gwo sous enèji renouvlab nan peyi a, nouvo patenarya sa a pral ogmante efikasite epi redwi depans, pandan l ap asire New York rete antèt inovasyon teknolojik la yo.”

Nouvo inovasyon dijital sa a pèmèt santral elektrik la prevwa pwoblèm potansyèl transfòmè elektrik li yo te ka genyen nan ase tan pou enjenyè yo ka rezoud ekipman

ki an pann yo ak lòt pwoblèm yo. Teknoloji a ap evite yo kanpe fonksyonman santral lan, li evite yo koupe kouran, epi li atenyè enpak ekonomik negatif ki asosye yo. Sistèm lojisyèl sa a itilize done transfòmètè santral elektrik la yo avèk plizyè sansè, alorit avanse, done sou istwa pèfòmans lan yo, ak rapò laboratwa pou evalye “sante” fonksyonalite transfòmètè yo an tan reyèl.

mPrest, yon konpayi ki baze nan Petach Tikva, an Izrayèl, te travay ak NYPA pou yo devlope nouvo lojisyèl la pou yo deplwaye l nan sistèm transmisyon santral elektrik Niagara Power Plant lan. Kòwoperasyon ant mPrest ak NYPA a te kòmanse aprè yon prezantasyon NYPA te fè nan Asosyasyon Enèji Entèlijan Izrayèl la (Israeli Smart Energy Association) an 2015. NYPA te founi \$975,000 pou pwojè a epi mPrest te bay apapè \$1.3 milyon. Fondasyon Binasyonal Izrayèl-Etazini pou Rechèch ak Devlopman Endistriyèl la (Israel-U.S. Binational Industrial Research and Development Foundation) te founi \$900,000 finansman pou sipòte pwojè a tou, se yon fondasyon gouvènman Ameriken ak Izrayelyen an te etabli an 1977 pou sipòte ak pwomouvwa rechèch ak devlopman endistriyèl ki benefisye toude peyi yo mityèlman, patikilyèman nan endistri teknoloji avanse yo.

NYPA ak mPrest ap kontinye travay ansanm avèk inisyativ Global NY la ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority) pou fè vanse estrateji Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè Cuomo a. Yo te konsepsyone REV pou l ankouraje devlopman sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan, ak pi bon mache pou tout Nouyòkè yo epi redwi degajman gaz a efè sèr yo a 40 pousan avan 2030.

Richard Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans Eta New York la, te di, “Inovasyon sa a ap chanje règ jwèt la pou siveyans enèji ak dyagnostik pwoblèm yo, epi se yon lòt egzanp ankò ki montre estrateji REV Gouvènè Cuomo genyen pou l rann sistèm enèji nou an alafwa pi pwòp ak pi bon mache pou Nouyòkè yo. New York Power Authority ak mPrest ap fikse ba pou lòt yo ka monte alawotè, epi teknoloji sa a montre kijan drese nouvo inovasyon nan sektè enèji a ede nou mennen yon ekonomi enèji pwòp kwasan.”

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak PDG NYPA a te di, “Sistèm transfòmètè nou an se yon eleman ki enpòtan anpil pou enfrastrikti enèji nou an toupatou nan eta a, k ap elve vòltaj oswa ‘presyon elektrik’ enèji a pou li ka transmèt elektrisite sou distans long sou rezo elektrik eta a. Atravè kolaborasyon sa a, nou ka prevwa nan yon fason kòrèk pann potansyèl atravè pi bon mwayen diagnostik ak pwognostik. Pandan n ap pouswiv wout pou n vin ‘premye itilite nan peyi a ki konplètman dijital,’ se atravè inovasyon teknoloji depwent – tankou sa a ki rann li posib avèk entèlijans, devouman, ak kòwoperasyon patnè nou yo lòtbò dlo an Izrayèl – ki fè nou te devlope yon fason inik, efikas pou nou siveye transfòmètè nou yo.”

Natan Barak, ki se Prezidan mPrest la te di, “Patenarya nou genyen ak Govènè Cuomo, Eta New York la, ak enjenyè ak espesyalis vizyonè ki plen talan konpayi New York Power Authority yo lakoz devlopman ak deplwaman premye sistèm siveyans ak

kontwòl konplè nan jan sa a. Nan yon tan rekò, nou menm, ansanm ak NYPA, te detèmine kisa nou te bezwen, epi kreye yon solisyon efikas san parèy ki pral redwi risk fonksyonman yo, anpeche entèripsyon epi evite depans antretyen ki koute chè yo. Mwen kwè reyisit teknoloji sa a pral lakoz patenarya ant Izrayèl ak Eta New York la vin agrandi plis.”

Avan li fonksyone pou lapremyè fwa nan Niagara, Enstiti Rechèch Enèji Elektrik la (Electric Power Research Institute) te teste lojisyèl la avèk itilizasyon done istwa pèfòmans yo. EPRI te fè rechèch ak devlopman ki gen rapò ak pwodiksyon, livrezon, ak itilizasyon elektrisite pou benefisye popilasyon an. NYPA ap konsidere lòt aplikasyon pou teknoloji sa a epi li gen plan pou l enstale sistèm lan nan plis sikisal.

Enfòmasyon sou Refòm Vizyon Enèji a

Refòm Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo genyen pou li rete antèt nan efò kont chanjman klimatik k ap fèt yo epi devlope ekonomi pwòp New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi ki pi abòdab pou tout Nouyòkè yo lè li favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite eta bezwen apati enèji renouvlab avan 2030. Deja, REV te pèmèt 800 pousan kwasans pou tout mache enèji solè nan tout eta a, ki te pèmèt 105,000 fanmi ki gen revni fèb yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a enèji efikas, epi kreye anpil milye pòs travay nan manifakti, jeni, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman \$5 milya Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA se pi gwo òganizasyon enèji piblik eta nan peyi a, gras a fonksyonman 16 etablisman pwodiksyon li yo ak plis pase 2,253 kilomèt liy sikwi transmisyon yo. NYPA pa itilize okenn lajan taks ak kredi eta. Li finanse operasyon li yo gras a obligasyon li vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite li vann yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodui se idwo-elektrisite renouvlab pwòp.

Enfòmasyon sou mPrest

mPrest se founisè teknoloji ak solisyon depwent pou siveyans ak kontwòl misyon enpòtan anpil yo. Avèk yon rekò sou echèl global ki gen ladan sistèm kòmand ak kontwòl pou Iron Drome renomen an, mPrest “relye pwen yo,” sa k ap pèmèt entegrasyon plizyè sistèm ak sansè pou optimize pèfòmans epi redwi depans ak risk yo yon fason konsiderab. Pou plis enfòmasyon sou mPrest, vizite www.mprest.com.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418